



**PEMERINTAH KOTA BOGOR DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI CIBULUH 4
KECAMATAN BOGOR UTARA**

Jl. Ciburial RT 04/04 Kel. Ciparigi Bogor 16157 Telp. (0251) 8664194
NPSN 20220082 NSS 10102610032

**UJIAN SEKOLAH (US)
TAHUN PELAJARAN 2020/2021**

**MATA PELAJARAN : BAHASA SUNDA
KELAS : VI (ENAM)**

**HARI/TANGGAL : JUM'AT 4 JUNI 2021
WAKTU : 90 menit**

No. Peserta	Nama	Nilai	Paraf Guru	Paraf Orang Tua

PENUNJUK KHUSUS!

KETIKLAH HURUF a, b, c, atau d PADA KOLOM YANG TELAH DISEDIAKAN SEBAGAI PILIHAN JAWABAN YANG DIANGGAP BENAR!

1. Teks pupujian

Mun akur ka sadayana
Témbongkeun budi basana
Nu bener tingkah polahna
Supaya hirup

Lengkepanteks pupujian di luhur!

- a. Sampurna
- b. Resep babarengan
- c. Alus bahasana
- d. Resep-resepan

2. Hemat listrik hartina ngagunakeun energi listrik kalawan wijaksana sarta luyu kaperluan. Energi listrik dipake ngagem prinsip di mana sarta iraha peryogi wae. Anggo energi listrik di mana peryogi wae. Ieu ngait konsep pemasangan pakakas-pakakas listrik di imah, Sedengkeun iraha peryogi wae patali jeung efesiensi pamakean pakakas listrik anu diperlukeun.

Nina ngagunakeun listrik kanggo beraktivitas. Sateuacan meunang hak kasebat, kawajiban Nina nyaeta .

- a. ngahurungkeun lampu wanci siang dinten
- b. ngagunakeun listrik kalawan awuntah
- c. mayar tagihan listrik
- d. memutus aliran listrik

Pikeun ngajawab nomor 3-5 baca wacana pagiumeman di handap ieu!

Hiji mangsa siswa ngawawancara narasumber.

- siswa : "Wilujeung siang, hapunten bilih ngaganggu waktosna sakedap pa, tepangkeun nami abdi Ahmad siswa ti SD Mekar."
- Narasumber : "Wilujeng siang, kumaha aya kaperyogian naon?"
- Siswa : "Kieu pa, manawi tiasa, abdi badé tumaros perkawis kana pangaruh limbah industri di lingkungan sakitaran walungan?"
- Narasumber : "Oh mangga atuh, naon anu badé ditaroskeun?"
- Siswa : "Sabenerna naon tujuan bapa sareng réréncangan sadaya ngalakukeun aksi protés ka pabrik ieu?"
- Narasumber : "Abdi ngalakukeun protés ka pabrik PT. Alam Sentosa Sabab kagiatan pabrik ieu parantos ngaruksak lingkungan nu aya di walungan."
- Siswa : "Memangna naon baé anu atos dilakukeun ku PT. Alam Sentosa ku kituna kagiatanana tiasa nyebabkeun ruksakna lingkungan nu aya di walungan?"

- Narasumber : “PT. Alam Sentosa ieu teu luyu sareng standar anu parantos ditetepkeun ku pamarentah yaktos, miceun limbah pabrikna langsung ka walungan, manehna teu ngalakukeun pengolahan tiheula. Éta anu nyebabkeun balukarna di walungan désa jadi kacemar ku limbah.”
- Siswa : “Atos sabaraha parah kaayaan walungan anu parantos ka cemar ku limbah éta téh?”
- Narasumber : “Atos parah pisan, caina ayeuna jadi kiruh, warnana koneng jaba dipinuhan ku busa wungkul anu bau. Nyababkeun sadaya makhluk hirup anu aya diwalungan éta separtos lauk jadi pararaéh.”

3. Informasi tina wacana pagumeman di luhur, yaeta ...
 - a. pangaruh limbah industri di lingkungan sakitaran walungan
 - b. tujuan bapa sareng réréncangan sadaya ngalakukeun aksi protés
 - c. kagiatan atos dilakukeun ku PT. Alam Sentosa
 - d. kaayaan walungan anu parantos ka cemar ku limbah
4. Naon akibatna mun kagiatan di PT. Alam Sentosa diantepkeun bae...
 - a. masyarakat sejahtera
 - b. cai walungan jadi saat
 - c. sadaya makhluk hirup anu aya diwalungan éta separtos lauk jadi pararaéh
 - d. lingkungan jadi rame ku ayana pabrik
5. *Masyarakat Désa sakitar PT. Alam Sentosa yén sadar kerja bakti jeung musyawarah loba ngadatangkeunpiken ngaleureskeun masalah.*
Lengkepan kalimah di luhur!

a. Masalah	C. Duit
b. Mangpaat	D. Sampah
6. *Buruan sakola katingali éndah. Di sisi jalan kénca katuhu dipelakan rupa-rupa perkembangan nu sareungit.*
Karangan di luhur nyaritakeun kaéndahan sakola, karangan sarupa kitu disebut

a. Sorangan	C. Éksposisi
b. Pamadegan	D. Paparan
7. **Asép Sunandar Sunarya** (gumelar di Bandung, 3 Séptémber 1955 – tilar dunya di Bandung, 31 Maret 2014 dina umur 58 taun) nyaéta salah sahiji dalang fénoménal dina wayang golék. Aya ogé anu nyaritakeun yén anjeunna saurang maéstro wayang golek di Indonésia. Salaku dalang wayang golek, Asep Sunandar Sunarya (di imahna dawam digeroan Abah, di jomantara minangka bréaker ngagunakeun ngaran Eyang Abiyasa), panceg dina widang garapanana, teu incah balilahan. anjeunna ditakdirkeun pikeun jadi dalang ku dalang anu saéstuna, nyaéta Pangéran. Anjeunna ngahiji dina dunya wayang golek anu dilakonana, ku kituna pangajén tur pangajén ti tingkat lokal, propinsi, nasional, komo manca nagara ditarimana.
Asép Sunandar Sunarya tapis pisan dina ngigelkeun sakabéh tokoh wayang, iwal ti ...
 - a. Kresna
 - b. Gatotkaca
 - c. Cepot
 - d. Nyinden

Titénan wacana dihandap ieu!

Radén Dewi Sartika dibabarkeun dina kaping 4 Desember 1884 di kota Bandung. Sakumaha ilaharna putra-putri ningrat dina waktu harita. Radén Dewi Sartika disakolakeun disakola Walanda. Sepuhna nyaéta Radén Somanagara ngaharepkeun sangkan Radén Dewi Sartika jadi wanoja nu binangkit. Berkat jasa kana pangajaran diajarkeun deui ka réréncanganana dugi ka ngadegkeun sakola nu namina “Sakola Kautamaan Istri.

8. Kasimpulan tina teks narasi nyaeta

- a. perjuangan Raden Dewi Sartika ngadegkeun sakola kanggo istri
- b. sajarah dibabarkeuna Radén Dewi Sartika
- c. prestasi-prestasi Raden Dewi Sartika di sakolana
- d. asal usul Raden Dewi Sartik

Pikeun ngajawab nomor 9 – 11, titénan sajak di handap ieu!

Alam Padésaan (Astri Martiani Irawan)

Éndah alam padésaan
Éstu lain pupulasan
Diriung ku gunung-gunung
Dikuriling pasir-pasir
Kidul, kulon, kalér, wétan

Plung-plong, matak waas téténjoan
Éndah alam padésaan
Upluk-aplak pasawahan Leuweung héjo ku tatangkalan
Arula-arileu wahangan
Ngocorkeun cai canémbrang hérang

Éndah alam padésaan
Taneuhna subur tatanén ma'mur
Rohmat ti Gusti nu Maha Gofur
Sangkan mahluk-na daék tafakur

Éndah alam padésaan
Wajib diraksa jeung diriksa
Ulah diruksak digunasika
Keur sampeureun anak incu jaga***

9. Amanat teks sajak diluhur yaeta
 - a. Endah padesaan
 - b. Wajib diraksa jeung dijaga
 - c. Taneuhna subur
 - d. rakyat kudu Makmur
10. Jumlah padalisana sarua aya dina pada anu ka ...
 - a. 1 jeung 2
 - b. 3 jeung 4
 - c. 2 jeung 3
 - d. 4 jeung 1
11. Cara nu bener, ngajaga alam padesaan nyaéta....
 - a. miceun runtah ka tempatna
 - b. miceun runtah dimana waé
 - c. miceun runtah ka walungan
 - d. miceun runtah diburuan

Titénan wacana dihandap ieu!

CITA-CITA

Cipt: Ubun R Kubarsih

Cita-cita, cita-cita
Jadi putera bangsa bela negara
Indonesia langgeng jaya
Adil makmur Kertaraharja

Jadi TNI POLRI hey gagah perkasa
Siap babakti ka lemah cai
Jadi maklum hukum diplomat teknokrat
Ahli ekonomi patani mandiri

Cita-cita, cita-cita
Mangka laksana mun diajarna rajin
Cita-cita, cita-cita
Pareng laksana mun diajarna tigh

Hayang jadi dokter hey bidan perawat
Ngubaran pasien sangkan gancang sehat
Jadi guru dosen wartawan seniman
Olahragawan atlit nasional

Hayang jadi pamimpin jujur
Walikota bupati gubernur
Jadi wakil rakyat menteri presiden
Cita-cita mulya cita-cita jaga

12. Kumaha cara na beh naon nu di cita-cita keun bakal laksana di kahirupan urang,...
- a. rajin diajar jeung getol ngado'a
 - b. rajin sakola teu daek diajar
 - c. getol ngado'a
 - d. rajin diajar neangan duit

Baca teks paguneman ieu!
Ujang : "Sep, bade kamana meuni rapih pisan?"
Asep : "Bade uih ka kampung Jang"
Ujang : "Kamana mudikna?"
Asep : " Ka Bogor Sep"
Ujang : " Nya atuh hati-hati dijalana"
Asep : " Hatur nuhun Jang."

13. Dumasar paguneman, topik anu tepat nyaéta....
- a.. sakola
 - b. arek jalan-jalan
 - c. mudik ka Bogor
 - d. rek indit gawe

14. .Tengetan Gambar!



Gambar di luhur yaeta salah sahiji kaulin barudak urang, yaeta ...

- a. Maen gambar
- b. Maen bal
- c. Maen ucing benteng
- d. Maen galasin

15. Dumasar kana gambar ka ulinan di luhur, barudak kacida

- a. Resep
- b. Bageur
- c. Rajin
- d. Soleh

16. Riungan warga rék ngabadamikeun kerja bakti pikeun isukan.

Naon sasaruuan kecap riungan ?

- a. Keputusan
- b. Kabébasan
- c. Kumpulan
- d. Berita

Baca teks paguneman ieu!

Ani : “dev, kunaon mata the kiceup wae?”

Devi : “muhun ieu rada samar titingalian”

Ani : “geura pariksa ka dokter”

Devi : “ muhun bade ka dokter mata ”

Ani : “ ngaeumam sayur wortel, sabab wortel mangrupa sayuran anu ngandung gizi. Wortel ngandung vitamin A pang alusna dibandingkeun sayuran nulianna ”

Devi : “ Hatur nuhun Ni.”

17. Dumasar paguneman, wortel ngandung vitamin,...

- a. Vitamin A
- b. Vitamin B
- c. Vitamin C
- d. Vitamin D

18. Titénan gambar dihandap!



Hasiat buah alpuket bisa ngajadikeun kulit jadi....

- a. Rengkeng
- b. Lemes
- c. Kasar
- d. Hurik

TANAH SUNDA

Karya Sanggian Koko Koswara

Tanah sunda, gemah ripah
nu ngumbara sok betah
urang sunda, sing toweksa
nyangga darma anu nyata

Seuweu pajajaran muga tong kasmaran
sing tulaten jeung rumaksa
miara pakaya memang sawajibna
geten titen rumawat Tanah Pusaka

19. Amanat anu di kandung dina teks kawih di luhur, yaeta
 - a. Seuweu pajajaran muga tong kasmaran
 - b. sing tulaten urang sunda
 - c. nu ngumbara sok betah
 - d. geten titen rumawat Tanah Pusaka
20. Trian jaipong mangrupa salah sahiji budaya seni tari di daerah ...
 - a. Jawa Timur
 - b. Jawa Barat
 - c. Jawa Tengah
 - d. Madura

Baca Teks Sajak!

Kaéndahan Alam (Karya Ulfa Pitriani)

Kacida éndah na alam ieu

Sawah anu luas ngabéntang

Gunung-gunung anu ngajulang nyusul langit

Laut nu biru sarta ombak anu éndah

Éta ciptaan Allah anu Maha Ésa Anu Maha Agung

Anu nyiptakeun raragam kaéndahan alam.

21. Sajak Kaéndahan Alam ngandung amanat nyaéta....
 - a. kudu rajin ngajaga lingkungan sakola
 - b. kudu rajin beberesih dilingkungan imah
 - c. kudu loba sukur ka Allah sabab kaéndahan alam ciptaan Allah anu Maha Ésa
 - d. kudu loba inget ka Nagara
22. Cara nu bener, ngajaga kaéndahan alam nyaéta....
 - a. miceun runtah ka tempatna
 - b. miceun runtah dimana waé
 - c. miceun runtah ka walungan
 - d. miceun runtah diburuan

Wortel

Wortel mangrupa sayuran anu ngandung gizi. Wortel ngandung vitamin A pang alusna dibandingkeun sayuran nulianna. Wortel ogé ngandung vitamin B1, B2, B3, B6, B9, dan C, kalsium, zat besi, magnésium, fosfor, kalium, dan sodium.

Biasana wortel sok dijieun jus, Wortel téh sok disebut sayuran ajaib anu mampu ningkatkeun kacerdasan otak, nurunkeun kolésterol, nguatkeun sistem imun. Salian ti éta, wortel nu ngandung bétakarotén (pro-vitamin A) penting pisan keur kaséhatan panon.

Urang teu kénging seueur teuing tuang jus wortel margi tiasa ngajantenkeun panyawat hésé miceun (sembelit) sareng kulit janten konéng.

23. Hasiat tina Wortel anu paling utama nyaéta pikeun kaséhatan
 - a. Pangambung
 - b. Soca
 - c. Panangan
 - d. Sampéan
24. ngandung-Wortel-pang alusna-vitamin A-sayuran-nulainna-dibandingkeun
 Susunan kalimah diluhur sangkan jadi kalimah anu luyu yaeta ...
 - a. Wortel ngandung vitamin A pang alusna dibandingkeun sayuran nulianna
 - b. Pang alusna dibandingkeun sayuran nulianna wortel ngandung vitamin A
 - c. Dibandingkeun sayuran nulianna wortel ngandung vitamin A pang alusna
 - d. Vitamin A ngandung wortel pang alusna dibandingkeun sayuran nu lainna

25. Titénan gambar dihandap!



Salah sahiji sabab bencana alam banjir, yaeta,...

- a. Miceun runtah sambarangan
- b. Hujan guluduk
- c. Loba teuing warga
- d. Kalobaan Cai walungan

26. Titénan gambar dihandap!



Salah sahiji sabab bencana alam longsor, yaeta...

- a. Miceun runtah
- b. Taneuhna lembab
- c. Tanehna loba batu nu gede
- d. Ngageserna taneuh jeung batuan

27. Titénan teks dihandap ieu!

Taun 2010, Réza mimiti gawé bareng jeung produsén kiripik lada jeung baso goréng di kota Cimahi. Kagiatan produksina sacara komérsial minangka industri rumah tangga nu sacara resmi maké ngaran CV. Synérgi. Réza Nurhilman mimiti ngajual sacara Word-of-Mouth jeung maké “jejaring sosial” twitter akun pribadi.

Dina teks diluhur nu teu kaasup kana istilah wirausaha nyaeta ...

- a. meuli
- b. gawé
- c. produksi
- d. ngajual

28. Manusa nyaeta makhluk sosial, kahirupna kedah ditunjang ku lingkungan hirup anu sae nu aya di sakelilingna.

Lamun jalma aya dilingkungan anu beda, tangtu manehana kedah tiasa.....

- a. nyesuaikeun kana kahirupan urang wae
- b. nyesuaikeun kana lingkungan hirupna nu anyar
- c. hirup masing-masing
- d. hirup kumaha urang

29. Sakola urang ngarencanakeun mintonkeun rupa-rupa kasenian barudak sakola di panggung.

Utamana mah kasenian ti barudak kelas 6.

Kecap **mintonkeun** sarua hartina jeung

- a. Kesenian
- b. Ngarencanakeun

- c. Nunjukkeun
- d. Nempokeun

30. salah sahiji tokoh sunda anu bisa ngigeulkeun sakabeh tokoh pawayangan, yaeta...
- a. Asep Sunarya
 - b. Asep Sunandar
 - c. Gumelar
 - d. Ujang Surya

31. Gambar di handap mangrupa alat nu gunana pikeun....



- a. Nyangu
 - b. ngagoreng
 - c. Naheur cai
 - d. Nyieun es
32. Bagian tina kamajuan teknologi komunikasi dina internet ayena, diantarana iwal ti ...
- a. Facebook
 - b. Telegran
 - c. Telepon
 - d. Instagram

Tengetan Paguneman dihandap!

- Zahra : "Assalamu'alikum punten tiasa nyuhunkeun waktosna sakedap Kang!. Abdi hoyong wawancara perkawis padambelan Akang".
- Wiyanto : "Wa'alaikumsalam, mangga. Perkawis naon wae anu bade ditaroskeun?"
- Zahra : "Ti iraha akang mimiti usaha iyeu?"
- Wiyanto : "Kinten-kinten dina taun 2003."
- Zahra : "Kunaon akang leuwih hoyong kanausaha comro tibatan usaha anu sanes?"
- Wiyanto : "Kumargi tina usaha jualan combro abdi leuwih regreg?. Ngamidamelna leuwih gampang. Abdi ngadamel comro dibantosan ku pun bojo sareung dua murangkalih abdi.

33. Dumasar pagumenan, ti iraha mimiti usaha teh
- a. taun 2002
 - b. taun 2003
 - c. taun 2004
 - d. taun 2005

34. Narasumber anu diwawancara dina teks pagumeman diluhur nyaeta....
- a. Zahra jeung Wiyanto
 - b. Zahra
 - c. Wiyanto
 - d. Wiyanto jeung Zahra

Ieu dihandap aya teks pidato, pek baca dina jero hate!

Assalamualaikum Wr.Wb

Wilujeng enjing ka sadayana, urang panjatkeun puji sareng syukur ka Allah SWT nu atos masihan kasempatan sareng kasehatan. Nu mana urang tiasa patepang raray di acara ieu.

Ibu/Bapak guru anu dipikahormat sareng rancangan anu dipikacinta, para wargi anu dipikahormat ku simkuring.

Dina waktos ieu abdi bade ngadugikeun pentingna urang ngajaga kasehatan kanggo hirup urang sadayana. Urang sadaya wajib ngajaga kasehatan sareng kabersihan lingkungan, teras urang teh

kedah ngalaksanakeun hirup sadidinten jeung cara anu sehat. Misalna meresihan awak pas urang keur ibak, meresihan kuku, nyikat waos anu rutin, jeung sajabana. Tah eta teh conto cara hirup nu sehat.

Contoh anu sanesna urang kedah miceun runtah di tempatna, teu kenging sembarangan, terus lamun nyiduh ulah di mana wae, batuk atawa beresin ge kudu nutupan bahan ambeh henteu nularkeun virus ka batur. Urang teh kedah mikacinta kanu kabersihan diri urang, sangkan hate urang ge suci jeung bersih.

Lamun urang hoyong janten jalmi anu jagjag waringkas, urang kedah soso-soso meresihan diri urang sorangan tina sagala kotor nu aya. Bade eta kotor jasmani atanapi kotor rohani, upami meresihan kokotor jasmani urang teh kedah mineng mandi, meresihan lingkungan, jeung sagala kokotor anu bisa nyebabkeun panyakit di diri urang.

Tuluy kumaha lamun bade meresihan kokotor rohani, carana nyaeta urang kudu ningkatkeun kaimanan urang jeung ibadah urang ka Gusti Allah. Ngan anu kudu diinget teh, sehat lain saukur bersih hungkul. Tapi urang kedah ngagerakeun jasmani urang nu matak ngajagjagkeun diri urang. Misalna urang rajin olahraga.

Hadirin sadayana cekap sakitu pidato tentang kasehatan ieu, hatur nuhun kana perhatosanana. Waalaikum salam Wr.Wb.

35. Akibat mun urang males dina bebersih awak urang yaeta,...

- a. Kena panyakit ginjal
- b. Kena panyakit mata
- c. Kena panyakit kelamin
- d. Kena panyakit kulit